gazetavpered@list.ru

Ассаламу гIалайкум!

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№27 (6856) * 6 ИЮЛЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 21 МУХIАРРАМ 1448 с. *

РАЙАДМИНИСТРАЦИЯЛДА





## Рагъулаб хъулухъалда хурхун

**Гъал къоязда районалъул администрациялда заманаялъ районалъул бетIерасул ишал тIуралев М. МухIамадовас тIобитIана рагъулаб ва къотIи – къаялъулаб хъулухъалда хурхун данделъи.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировас, районалъул бетIерасул заместитель А. Маликовас, районалъул росабазул администрациябазул бутIруз ва рагъулаб хIисабалъул столазул хIалтIухъабаз.

Гьениб гьоркьоб лъун хал гьабуна районалъул администрациялда цере чIарал кIвар бугел рагъулабгун политикаялъул суалал. Рагъулаб хIисабалъул столалъул хIалтIухъабаз, щибаб анкьида жаниб цо нухалъ хIисаб кьола данделъиялда, араб анкьида жаниб жавабчилъи цIикIкIараб букIиналъ кIиго нухалда хIисаб куна гьез.

Районалъул бетIерасул ишал тIуралев М. МухIамадовас гIей гьечIеблъун рикIкIана рагъулаб, къотIи – къаялъул хъулухъазде, рагъулал запасалда ругел сборазде ахIиялда сверухъ гьабулеб буго хIалтIи. Гьес лъикIаблъун рикIкIана районцоязда гьоркьоб гьабулеб бичIчIикьеялъул хIалтIуде цIикIкIун кIвар кьезе ккеялъул ва батIи – батIиял идараби гьоркьоре журазе гьаруни лъикIаб хIасил кьезе букIиналъул.

Данделъиялда чIванкъотIарал хIукмаби къабул гьаруна.

## Иргадулаб гуреб данделъи



**Гъал къоязда районалъул администрациялда тIобитIана иргадулаб гуреб данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз ва районалъул росабазул администрациябазул бутIруз.**

Гьеб ахIиялъе гIиллалъун ккана 1 июлалдасан Северияб Кавказалъул федералияб округалъул ток чIезе гьабулеб гIуцIи хиси.

Цебе гьеб хIалтIи гьабулеб букIун батани ПАО «Россети Северный Кавказ» гIуцIиялъ гьанже гьеб гьабула ПАО «Ставропольэнергосбыт» гIуцIиялъ. ГъалатI гьоркьоб ккечIого учреждениязулгун ва организациязул хIалтIи гьабизе Хьаргаби электросбыталъул компаниялъ гIуцIун буго хасаб график. Гьоркьоб гъалатI ккечIого букIиналъе хIажат буго хехаб къагIидаялда жидедаго хадуб бугеб налъи тIубазе гьабизе ва гьелда цадахъ счетчиказ бухIараб токалъул бихьизабиял энергосбыталде кьезе.

Жалго бетIергьанал гIадамалгун къотIи – къаял хъвазе руго тIоцебе бухIараб токалъухъ гIарац кьун хадуб. Учреждениязухъе ва организациязухъе ритIизе руго хасал кагътал ток чIезе гьабулеб гIуцIи хисиялъул ва гьелдалъун гьаризе кколел чIванкъотIарал хIалтIаби рихьизе гьарураб.

### Увеличены выплаты контрактникам

**Фёдор Щукин подписал указ об увеличении региональных выплат контрактникам.**

До 31 августа в республике предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более – единовременная выплата в размере до **4 500 000** рублей:

**400 000 руб**. – федеральная выплата;

**500 000 руб.** – региональная выплата;

**3 000 000 руб.** – региональная выплата (подразделения резерва);

**от 100 000 до 600 000 руб.** – выплаты от городов и муниципальных образований;

Зарплата военнослужащих начинается от **210 тысяч рублей** в месяц.

От **6 500 000** — итого за год, с учетом единовременных выплат и заработной платы.

До **300 тысяч рублей** увеличена единовременная выплата добровольцам отряда «Каспий».

**Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану:**

**8 (989) 484-69-95**

### Введена единовременная выплата

В Дагестане введена единовременная выплата в размере 300 тысяч рублей для военнослужащих — участников СВО, получивших тяжёлые ранения и имеющих 1группу инвалидности.

Как сообщили в Минтруда РД, право на выплату имеют военнослужащие, получившие увечья с 24 февраля 2022 года при выполнении боевых задач. Для оформления необходимо подать заявление в любой МФЦ «Мои документы» в Дагестане. Выплата предоставляется однократно.

# Авалалъул сипат хисана

**Росулъ, гІумру гьабизе бигьалъиялъе, кирехун гьарулел хІалтІаби рихьаниги ракІ бохи букІуна. Гьеб авалалда гІумру гьабулел гьечІониги, гьоболлъухъ яги къваригІелалъ кканиги кинго цойгидазеги санагІалъи букІинчІого букІунаро.**

Росу кІодолъана, ригьзал гьарурал бакІал цІикІкІана. Амма коммуникациялда хурхарал суалал киналго цадахъ тІуразе хІал кІолеб гьечІо.

Бугониги хІалтІаби чІун гьечІо. Иргада, харжал рачІаралго, гьаризе яхІ бахъулеб буго районалъул ва росдал нухмалъулез. Гьелъие рихьизарурал батІи-батІиял программабиги рукІуна хІукуматалъул. РакІалде щвезабуни, цересел соназ цІакъ гІатІидго росуцоязда гьоркьоб бицунеблъун букІана Хьаргаби росулъ, бищунго тІаде хІал кколеб, «ТІадгІурикІкІан» ва «ГІодобгІурикІкІан» авалазде унеб гІаммаб нух бетон тІун къачІаялъул. Доб заманаялъ хІалтІи гьабуна «Дир Дагъистан – дир нухал» абураб регионалияб программаялда рекъон. Программаялда рекъон, бюджеталъул харж нухал къачІаялъе бикьизе изну букІана, аслияб къагІидаялъ, Дагъистан республикаялъул транспорталъул ва нухазул хозяйствоялъул министерствоялъул.

ТІаде босун хІалтІи гьабуна, тендералда бергьараб ООО «Грандстрой 05» гІуцІиялъ. Бетон тІеялъул хІалтІабазе бихьизабураб гІарцул харж букІана 2 5І2 548 гъур. Гьарурал хІалтІабазул хІасилалда бетон тІуна І958 кв.м.

Гьениб, ракІбацІадго гІолохъабаз гьабураб хІалтІи, жигарчилъи бихьун росдал бетІер Б. Идрисовас рагІи кьун букІана авалалда жеги цойги нухалъул манзилалда бетон тІезе квербакъи гьабиялъе.

Гьедин, араб соналъул хаслихълъиялда бетон тІеялъе кІудияб хІалтІи гьабун бажарана авалалъул «ЧІародинская» къотІноб. Гьеб хІалтІи ккана «Местные инициативы» программаялде гъоркье.

КІиго анкьица къад къоялъ чІечІого гІолохъабаз гьабуна хІадурлъиялъул, цинги бетон тІеялъул хІалтІаби. Бихьизабураб гІарцуда рекъон къватІалъул тІубараб манзилалда бетон тІезе рес щвечІо гьеб заманаялъ. Гьале, гьаб соналъул июналъул ахирисел гІодоркъояз хутІараб бакІалде бетон тІезе журана гІолохъаби. Жакъа къоялде, авалалда «ЧІародинская» къотІноб бетоналъ бахчизабуна 500 метраялда цІикІкІун нухлул манзил. Гьебги ккола 3400 гІан квадратнияб метра къватІалъул. Гьабулеб хІалтІуе харжазулаб квербакъи гьабуна Хьаргаби райадминистрациялъ, росдал советалъ, Дагъистан республикаялъул экономикаялъул министерствоялъ ва росдал гІадамаз.



Авалазда гІумру гьабулез хас гьабун киназего баркала кьолеб буго гьаб берцинлъиги, гІатІилъиги букІинелъун квербакъарал гьезие. Гьединго, авалалъул иницативияб къокъа-гІолохъабазе кІудияб баркала кьолеб буго авалцояз. Хас гьабун абичІого гІоларо, хІалтІи тІаде босараб подряднияб организациялъул нухмалъулев Марат МухІамадовасул мухІканаб, гъункараб, жавабияб хІалтІул. Авалалда гІумру гьабулез кІудияб баркала кьолеб буго гьесиеги.

Росдал администрациялъул бетІер Б.Идрисовас тІадчІей гьабун абулеб буго жив цІакъ вохарав вугин гьабураб хІалтІудаса ва гьениб гІумру гьабулел ругелаздаса. Авалалъул гІолилазул гьабулеб хІалтІуда ракІ унтиялъун хІасилалда жеги кибниги гьабичІеб гІадинаб щвалде щвараб, мухІканаб, щулияб, берцинаб ккеялдаса. Киналниги, гІарцудалъун, гьабулеб ишалдалъун, кьураб садакъадалъун, кверзул кумекалдалъун, кІалъараб кІалалдалъун квербакъи гьабунщиназе гІадамазул рахъалдасанги, Аллагьасул рахъалдасанги хІал кІолареб кири хъван батаги.



# Культураялъул махщелчагІазул хІалбихьи

**Дагъистан Республикаялъул культураялъул министерствоялъул, республикаялъул халкъияб творчествоялъул рукъалъул «Творческий Десант» абураб проект гІумруялде бахъинабиялъул мурадалда батІи – батІиял муниципалитетазул творческиял коллективал хьвадула цоцахъе гьоболлъухъ концерталъулал церерахъиналгун.**

Гьедин, рес букІуна, цойги нухалдаги, гІемермиллатазул ва гІадатазул Дагъистаналъул халкъияб творчествоялъулгун лъай – хъвай гьабизе.

Гьединал къватІирахъиназдалъун, жиде – жидер, умумулъанго бачІараб, халкъияб кечІ – бакъан, кьурди, абиял ва гІадатал гІун бачІунеб гІелалда гъваридго рихьизаризе рес щолеб буго творческиял колллективазе. Гьелдаго цадахъ гІолилазул халкъияб бечелъи – гьунаралде рокьи бижизабизе рес буго ва халкъалъул цолъи щулалъулеб буго.

ГІумруялде бахъинабураб проекталда рекъон, Хьаргаби районалде гьоболлъухъ рачІана ЧІарада районалъул мустахІикъал артистал.



Районалъул культураялъул кІалгІабахъ коллективалъ бихьизабуна жидерго махщел ва гьунар. Балъгояб жо гуро, ЧІарадисел кочІое гьунар цІикІкІарал махщелчагІи рукІин.

Гьудуллъиялъул бухьен жеги щула гьабураб ва культурияб бечелъи цоцае бикьараблъун ккана гьеб рохалилаб тадбир.



КУЛЬТУРА

# «Выпускной бал» тIобитIана ясли-ахазда

**Гьал къоязда ясли-ахазда тIоритIана байрамал ясли-ах тун унезул «Выпускной бал» абураб. Гьеб тадбиралда ясли-ахазул лъимал рукIуна чIухIун къачIан, хасал берцинал цоцада релъараб ретIелгун ва жидерго цIарал хъварал лентабигун. ЦIакъ бокьула гьеб аваданаб тадбир лъималазе, лъималазул умумузе, ясли-ахазул тарбиячагIазе - нухмалъулезе.**

ГIисичал рукIаниги, ясли-ахазде хьвадулеб заманги нахъа тун, школалде ине заман щварал тIоритIулел байрамалъул тадбир гьанже щибаб ясли-ахазе лъугьун буго гIадатаб, тIобитIичIого гIолареблъун .

Хириял лъимал, лъималазул умумул, жакъа нилъер буго хасаб байрам, нилъер лъималазул ахиралде щолеб буго ясли-ахалда рукIунеб заман, гьанже гьел кIудиял гIун, школазда партаязда нахъа гIодор чIезе тIиритIулел руго, - ян байбихьула кибго рохалилаб байрам. Ясли-ахалъе, тарбиячагIазе гьел чIухIадго ретIа-къарал выпускникал рукIана ва руго бищунго хириял, гьел рукIана ахириял заманаялда тIоритIарал тадбиразул жигарчагIи, кучIдул цIалиялъул ва ахIиялъул, кьурдаби, сценкабазул гьунарчагIи, гьезулъ махщел ва гьунар куцизе кIвар кьуна тарбиячагIаз. ГIумруялъго гьел тарбиячагIи лъималазе рукIине руго кIиабилел улбуллъун. Ясли-ах тун унеб байрам щибаб ясли-ахазда гIуцIун букIуна батIи-батIияб къагIидаялда. Лъимал кIудиял гIун, махщел камил ругел рукIин рихьизаризе кIвар кьола гьеб байрамалда. ТIобитIулеб тадбир, утреникал тарбиячагIаз гIуцIун рукIуна балагьаразул разилъи бачIине гьабуледухъ. Гьанже ккун хадубги школазда цIалулаго нижер лъималаз бихьизабизе буго кинабго лъалел, махщел-бажари бугел рукIин. Школалде цIализе унел лъималазги гьеб къоялъ бихьизабула кьурдизе, кучIдул цIализе, ахIизе, сценкаби рихьизаризе махщел бугел рукIин. Жидер хIурматалда тIобитIулеб тадбир гIумруялъго кIочонареб хасаб букIине яхI бахъула. Гьеб къоялъ ясли-ахалъул нухмалъулезги школалде ине ругел жидерго хириял гIисичазе кьола къиматал сайгъатал - медалал дипломал ва цогидабги. Гьеб буго гIисичазда ва умумуздаги гIумруялъго рекIелъ хутIулеб байрам къо.











## СООБЩЕНИЕ
### территориальной избирательной комиссии Гергебильского района

Руководствуясь пунктами 12 и 14 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6 (далее – Порядок), территориальная избирательная комиссия Гергебильскогорайона сообщает о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий (далее – УИК), сформированных на территории Гергебильского района.

Приём предложений осуществляется в период со дня опубликования настоящего информационного сообщения по 31 июля 2026 года территориальной избирательной комиссией Гергебильского района:

| Номера УИК | Адрес территориальной избирательной комиссии |
|---|---|
| №№ 0242-0254 | 368250 Республика Дагестан, Гергебильский район сел. Гергебиль, ул.Наиба Идриса 7, здание райадминистрации 1 этаж. |

При внесении предложений и подготовке документов по кандидатурам для зачисления в резерв составов участковых комиссий следует руководствоваться Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением ЦИК России от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6, с которым можно ознакомиться на официальных сайтах Центральной избирательной комиссии Российской Федерации и Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети «Интернет».

Ограничений по количеству кандидатур от каждого субъекта права внесения предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий не устанавливается.

В резерв составов участковых комиссий не зачисляются кандидатуры, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 (за исключением подпунктов «ж», «з», «и», «к» и «л») Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

**Территориальная избирательная комиссия Гергебильского района**

# Гунибская межрайонная прокуратура сообщает

**Гунибской межрайонной прокуратурой с утверждением обвинительного акта направлено в суд уголовное дело по обвинению жителя с. Гергебиль, Гергебильского района в совершении преступления предусмотренного ч. 1 ст. 228 и ч. 1 ст. 231 УКРФ.**

Проведенным предварительным расследованием установлено, что житель с. Гергебиль осознавая противоправность своих действий, без цели сбыта приобрел и хранил наркотическое средство - марихуана, общей массой 17,07 грамм.

Кроме того, житель села Гергебиль в своем приусадебном участке посадил 22 куста наркотикосодержащего растения (конопля - рода Cannabis), после которого занимался последующей культивацией посаженных растений.

По данному факту в отношении жителя с. Гергебиль возбуждено уголовное дело по ч. 1 ст. 228 и ч. 1 ст. 231 УК РФ.

Прокуратура напоминает, о недопустимости приобретения, хранения перевозки или изготовления наркотических средств, а также об ответственности за культивацию запретных растений. Санкции статей 228 и 231 УК РФ, предусматривают не только штраф, а реальное лишение свободы.

* * *

Гунибской межрайонной прокуратурой с утверждением обвинительного акта направлено в суд уголовное дело по обвинению уроженки с. Гергебиль, Гергебильского района в совершении преступления предусмотренного ч. 5 ст. 33 и ч. 1 ст. 159.2 УК РФ.

Проведенным предварительным расследованием установлено, что жительница с. Гергебиль помогала своей знакомой то есть содействовала в получении фиктивного электронно-родового сертификата путем предоставления заведомо ложных, не соответствующих действительности сведений в «Фонд пенсионного и социального страхования РФ» о назначении ежемесячного пособия в связи с беременностью.

Гунибская межрайонная прокуратура напоминает, что за подобные правонарушения предусмотрена уголовная ответственность в виде ограничения свободы на срок до двух лет и предупреждает граждан о недопустимости противоправных действий, а также о персональной ответственности каждого участника незаконной деятельности связанной с получением бюджетных средств обманным путем.

* * *

В ходе прокурорской проверки, установлено, что в октябре 2021 года житель Хунзахского района используя свой преступный умысел, подготовил фиктивный договор купли-продажи земельного участка и жилого дома, расположенного в селении Курми, Гергебильского района. При этом, реальный собственник недвижимости о проводимых незаконных сделках осведомлен не был

На основании поддельных документов житель Хунзахского района обратился в - «ОПФР по РД», с целью получения разрешения на распоряжение средствами материнского капитала для улучшения жилищных условий.

В результате мошеннических действий из федерального бюджета были похищены денежные средства на общую сумму 483 881,83 рублей, которые впоследствии были обналичены и использованы по своему усмотрению.

08.06.2026 заместителем Гунибского межрайонного прокурора вынесено постановление о направлении материалов в ОМВД России по Гергебильскому району для возбуждения уголовного дела.

По результатам проверки 16.06.2026 года следователем возбуждено уголовное дело по признакам преступлений, предусмотренных ч. 3 ст. 159.2 и п. «б» ч. 4 ст. 327 УК РФ.

**Заместитель Гунибского межрайонного прокурора**
**Д. А. ДЖАБРАИЛОВ**

## *Халкъияб медицина*

### УШАН. (Полынь горькая)

Дару гьабизе хIалтIизабула хер тIегьалеб гIужалъ (июль-август).

ХIадур гьабула тIокIкIел, чай, гьаргIо, настойка.

ХIалтIизабула щекъер унтараб мехалъ, гьеб хулизе, гьекъела беразул сетчаткаялъул гьатал лъугьун ругони, гIодобегIанаб цIекIлъиялъул гастрит бугони, поджелудочная железа унтун гIемераб мех бан бугони, цицидакъвачIа, цицидал мухъ унтун бугони, гепатит, риххел, метеоризм, клизма гьабизе, лъимер гьабулаго рукIунел захIматал унтаби инаризе ва лъимер гьаби бигьалъизабизе, аменорой, дисменерой, климакс бугони.

Бека-биххараб, хъарсараб, гьор кIанцIараб бакIалда тIад биччизабун чIорто чIвала. ТIокIкIел ва чай гьекъола загIиплъун, хIалакълъун ругони, рищалаби унтидал, гьелда лълъулъала.

Ушаналъул гIеналъ биччизабураб чIорто би чвахулеб бакIалда тIад къани, би къотIизабула. ГьаргIо, кьалбазул порошок гьекъезе бегьула паралич, щукIдул рукIкIин бугони.

КIвекIараб гIурччинаб ушан бетарахьгун 1:1 ревматизм бугел рищалабазда лъола.

Тохтурасда дандбазе ккола хIалтIизабилелде цебе.

**"ХАЛКЪИЯБ ТОХТУРЛЪИЯЛЪУЛ ХАЗИНА" ТIЕХЬАЛДАСА**



# Санитарная безопасность пищи и воды

**Санитарная безопасность пищи и воды — это комплекс мер, направленных на предотвращение попадания в организм вредных веществ, патогенных микроорганизмов и токсинов. Особое внимание следует уделять таким продуктам, как малина, клубника и смородина, а также качеству питьевой воды, так как они часто контактируют с почвой, насекомыми и могут содержать остатки пестицидов или болезнетворные бактерии. 06.rospotrebnadzor.ru +2**

## Санитарная безопасность воды

Питьевая вода должна соответствовать гигиеническим нормативам по микробиологическим, паразитологическим и санитарно-химическим показателям (водородный показатель, общая минерализация, жёсткость и др.). Основные риски связаны с использованием воды из открытых источников (рек, озёр, родников), где отсутствует надёжная система защиты от загрязнений. Такая вода может содержать патогенные микроорганизмы, вызывающие кишечные инфекции (холера, брюшной тиф, дизентерия), а также химические загрязнители.

**Рекомендации:**

- не использовать воду из открытых водоёмов для питья, гигиены и мытья продуктов;
- отдавать предпочтение кипячёной или бутилированной воде;
- при использовании централизованного водоснабжения следить за качеством воды, при подозрении на загрязнение обращаться в контролирующие органы. 04.rospotrebnadzor.ru +1

## Санитарная безопасность ягод

Малина, клубника и смородина могут стать источником инфекций, если не соблюдать правила обработки. На поверхности ягод могут находиться:

- **Бактерии и паразиты.** Кишечная палочка, сальмонелла, яйца гельминтов, которые попадают на плоды из почвы, от насекомых, птиц или животных. cozimp-so.gosuslugi.ru +2
- **Химические остатки.** Пестициды и другие средства защиты растений, используемые при выращивании. cozimp-so.gosuslugi.ru +1
- **Грибки и плесень.** Особенно если ягоды повреждены или хранились неправильно. cyberleninka.ru +1

**Употребление немытых ягод может привести к:**

- кишечным инфекциям (диарея, рвота, боль в животе);
- заражению гельминтами;
- отравлению химическими веществами. cozimp-so.gosuslugi.ru +2

## Как правильно обрабатывать ягоды

**Общие правила:**

. Переберите ягоды, удалите повреждённые и подгнившие плоды.

. Замочите ягоды в чистой воде на 10–15 минут, чтобы размягчить загрязнения и удалить частички земли. cozimp-so.gosuslugi.ru +1

. Промойте под проточной водой, аккуратно обращаясь с мягкими ягодами (клубника, малина). Используйте дуршлаг, чтобы не повредить плоды.

. Ягоды с плотной кожицей (смородина) можно дополнительно обработать слабым уксусным раствором (1 часть уксуса на 10 частей воды), а затем тщательно ополоснуть чистой водой.

**Дополнительные методы:**

- Для удаления насекомых можно добавить в воду щепотку соли (примерно 1 ч. л. на литр воды) и подержать ягоды 5–10 минут, затем тщательно промыть.
- Уксусный раствор (1 часть столового уксуса на 2–3 части воды) можно использовать для дезинфекции, но после этого обязательно тщательно промыть ягоды под проточной водой.

**Важно:**

- не использовать мыло, моющие средства, антисептики или бытовую химию — они могут остаться на поверхности ягод;
- не замачивать ягоды надолго — они впитывают воду, теряют вкус и становятся водянистыми;
- мыть ягоды непосредственно перед употреблением, так как на влажных плодах бактерии размножаются быстро;
- не употреблять ягоды, собранные в местах, где есть вероятность загрязнения фекалиями животных.

## Профилактика заболеваний ягодных культур

Чтобы снизить риск загрязнения ягод на этапе выращивания, важно соблюдать агротехнические правила:

- проводить профилактические обработки кустов фунгицидами до цветения и после сбора урожая; cyberleninka.ru +1
- удалять поражённые листья и плоды, не оставлять растительные остатки на участке; cyberleninka.ru +1
- соблюдать севооборот, не выращивать ягоды на одном месте слишком долго;
- использовать мульчирование (солома, агроволокно) для снижения контакта ягод с почвой; cyberleninka.ru +1
- выбирать устойчивые к болезням сорта. cyberleninka.ru +1

## Вывод

Санитарная безопасность пищи и воды требует комплексного подхода: от контроля качества сырья и воды до соблюдения правил обработки продуктов. Особое внимание следует уделять ягодам, так как они часто контактируют с почвой и насекомыми.

Тщательное мытьё, соблюдение агротехнических норм при выращивании и выбор безопасных источников воды помогут избежать пищевых отравлений и инфекций.

**и.о.Главного врача ФФБУЗ «Центр гигиены и эпидемиологии в Республике Дагестан в Гунибском районе»**
**М.С. МИРЗАЕВ.**

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIараздa гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль. ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 2 июля 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00